Chè Ekip Palm Beach:

Konsèy Egzekitif Palm Beach la ansanm avèk mwen ap kontinye kolabore avèk Eta Florid pou bay anplwaye nan distri a priyorite pou vaksen COVID-19 nan.

Mwen kontan pou m pataje ap genyen kat (4) plas ki deziye pou ale pran vaksen san randevou nan fen semèn sa a pou tout anplwaye lekòl ki ranpli kondisyon Eta a etabli pi ba a:

- Anplwaye lekòl ki gen 50 an oswa plis.
- Anplwaye lekòl tout laj ki gen dokimantasyon yon doktè ki endike yo medikalman vilnerab:
  COVID-19 Determination of Extreme Vulnerability Form

Distri a pral travay avèk Eta a pou bay vaksen yonsèl dòz J*ohnson & Johnson* nan samdi 13 mas sa a, ak dimanch 14 mas de 9 a.m jiska 5 p.m., oswa jiskaske vaksen yo fini.

Nenpòt moun ki te deja resevwa yon dòz vaksen nan nenpòt swa Moderna *Moderna* oswa *Pfizer* pa ta dwe ale nan lokal sa yo pou pran vaksen.

Men lis plas vaksinasyon yo pi ba a:

- *Jeaga Middle School – 3777 N. Jog Rd., West Palm Beach*
- *John I. Leonard High School – 4701 10th Ave. N., Greenacres*
- *Atlantic Community High School – 2455 W. Atlantic Ave., Delray Beach*
- *Lake Shore Middle School - 425 W. Canal St., N., Belle Glade*

Tanpri pa vini nan lokal vaksinasyon yo avan 8:30 a.m.

Pa gen enskripsyon alavans, epi y ap bay vaksen yo sou baz premye moun ki rive se yo y ap sèvi avan. Lè pou tann yo kapab long ; konsa y ap apresye pasyans ou.

Anplwaye lekòl ki elijib yo ki prale nan yon lokal vaksinasyon dwe pote :

- Yon pyès Idantifikasyon gouvènman an emèt ki montre yo gen 50 an oswa plis, oswa fòm medikal yo siyen.
- AK swa yon badj ID lekòl, yon souch chèk, oswa lòt prèv ki montre yo se anplwaye lekòl.

Nenpòt anplwaye lekòl ki pa genyen yon pyès idantifikasyon yo mande yo oswa yon fòm medikal ki siyen avèk prèv kote yo travay pap otorize antre nan lokal vaksinasyon yo.

Yo mande pou moun kouvri figi yo nan chak lokal vaksinasyon yo epi anplwaye dwe respekte tout direktiv distansyasyon sosyal yo. Se sèl anplwaye k ap pran vaksen k ap otorize antre nan lokal la. Tout lòt vizitè dwe rete nan machin yo.

Pandan lokal vaksinasyon ki baze-nan lekòl yo mansyone piwo yo disponib sèlman pou anplwaye ki ranpli kondisyon elijiblite Eta a egzije yo, li enpòtan pou note tou anplwaye lekòl tout laj elijib pou resevwa vaksen COVID-19 nan yon famasi ki nan lis *Federal Retail Pharmacy Program*.

Tout enfòmasyon sa yo ansanm avèk lyen sou lokal vaksinasyon yo nan lis Distri a ki rele *informational website*: palmbeachschools.org/CovidVaccine.

N ap kontinye voye tout dènye devlopman nou genyen nan wòl n ap kontinye jwe pou defann manb Ekip Palm Beach la ki swete resevwa vaksen COVID-19 nan.

Sensèman,

Donald E. Fennoy II, Ed.D.
Sipèentandan Lekòl yo